

Kijan pou enskri nan Inivèsite paran an epi jwenn aksè nan kou lyezon fanmi (Family Connectors) yo

### Etap 1: Ale nan Inivèsite Paran

- Ale nan [parentu.schools.nyc/](https://parentu.schools.nyc/)

### Etap 2: Konekte (moun ki deja gen NYCSA)

- **Si ou deja gen yon kont NYCSA (Kont lekòl NYC):**  
Klike **“Sign in with NYCSA”** epi antre idantifikasyon w pou NYCSA. Kontinye avek **Etap 3**.
- **Si w poko gen yon kont NYCSA:**  
Klike **“Create an Account.”** Sa ap ouvri yon nouvo seksyon pou kreye kont NYCSA w.

### Etap 2: Kreye yon NYCSA (nouvo itilizatè sèlman)

- Nan nouvo seksyon Kont Lekòl NYC ki fèk ouvri a, klike sou **“Create New Account”**
- Antre **non w, siyati, nimewo telefòn selilè w (antre l de fwa), ak adrès imèl ou.**
- Klike sou **“Validate Email.”**
  - Tcheke bwat resepsyon imèl ou (oswa dosye spam) pou jwenn yon kòd verifikasyon 6 chif.
- Antre kòd verifikasyon an sou paj enskripsyon an epi klike sou **Submit.**
- Kreye yon **modpas** (omwen 8 karaktè, ki gen ladan yon chif, yon lèt, ak yon karaktè espesyal).
- Mete **3 kesyon sekirite.**
- Si ou pa gen ID elèv (OSIS) pitit ou a oswa yon Kòd kreyasyon kont, klike sou **“Continue Without Code.”**
  - Kowòdonatè paran ou an ka bay toude bagay sa yo pi pita.
  - Kreye yon kont san yon elèv: Y ap mande w pou w chwazi borough ki enterese w yo pou w resevwa avi enpòtan lekòl voye. Apre klike **“Create Account”**.
- Si ou gen idantifikasyon sa yo, antre **OSIS pitit ou a** ak **Kòd kreyasyon kont** lan, epi klike sou **“Create Account.”**
- Ou fin kreye kont NYCSA ou a kounye a!

### Etap 3: Retounen nan Inivèsite paran

- Ale nan [parentu.schools.nyc/](https://parentu.schools.nyc/).
- Klike **“Sign in with NYCSA”** epi konekte avèk idantifikasyon ou fèk genyen oswa ou te deja genyen pou NYCSA.

### Kòman pou jwenn aksè nan kou Family Connector

- Apre ou fin konekte, klike sou **“Course Catalog.”**
- Chèche dapre non kou a, filtre dapre kategori, oswa filtre dapre lang.
  - Chèche kategori **“Family Connectors”**.
- Klike sou **“Course Details”** pou aprann plis bagay sou kou a.
- Klike sou **“Enroll”** (obligatwa pou wè materyèl kou a).
- Kou a ap parèt kounye a nan **“My Courses”**, la a ou ka klike sou **“Start Course”**.